

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aksara Sunda mangrupa salasihiji kabudayaan Sunda anu geus aya ti abad ka-14 anu nepi ayeuna masih dipaké tur dimumulé ku masarakat Sunda hususna di Jawa Barat (Baidillah spk., 2008, kc. 30). Tapi ayeuna ogé masih kénéh aya anu teu kungsi wanoh kana aksara Sunda, lolobana sabab teu sakabéh sakola ngajarkeun matéri pangajaran aksara Sunda. Kawilang masih kénéh aya guru basa Sunda téh yén diajar aksara Sunda hésé tur teu sakabéh siswa bisa maham kana aksara Sunda sabab dianggap kabéh aksara téh wangunna sarua (Sundari, 2016, kc. 28). Lian ti éta, pangaruh asupna kabudayaan deungeun jeung mekarna téhnologi ogé jadi hal anu ngabalukarkeun kurangna kahayang pikeun diajar aksara Sunda, utamana di lingkungan sakola.

Aksara Sunda nu aya di jaman kiwari mangrupa kamekaran ti aksara Sunda kuno anu ayeuna disebut aksara Sunda baku. Aksara Sunda baku jumlahna aya 32, ngawengku 7 aksara swara jeung 25 aksara mandiri. Dina aksara Sunda ogé aya pananda vokal anu disebut rarangkén anu jumlahna aya 13 jinis. Aksara Sunda baku ogé biasa disebut aksara Sunda “Kaganga” saluyu jeung 3 aksara nu ngamimitian aksara ngalagena (Mulyanto, 2017, kc. 16). Ayeuna diajar aksara Sunda geus loba alternatifna, saperti geus loba aplikasi anu bisa di download di hapé jeung média séjénna. Ieu dipiharep bisa ngaronjatkeun karep jeung kamampuh dina diajar aksara Sunda, utamana pikeun siswa sakola (Sundari, 2016, kc. 31).

Salasihiji matéri ajar mata pangajaran basa Sunda nyaéta aksara Sunda. Pangajaran aksara Sunda di Sakola geus mimiti dilarapkeun ti tingkat SD nepi ka tingkat SMA/SMK. Dumasar kana Buku Saku Kurikulum Merdéka Basa Sunda, asup kana sababaraha fase. Husus pangajaran aksara Sunda pikeun tingkatan SMP aya di Fase D nyaéta umumna pikeun kelas VII, VIII, jeung IX (Pemerintah Provinsi Jawa Barat Dinas Pendidikan, 2022, kc. 36). Saluyu kana Capaian Pembelajaran Basa Sunda dina Buku Saku Kurikulum Merdéka, dumasar kana 4 *elemen*, pangajaran aksara Sunda asup kana *elemen* miarsa jeung maca tur nulis.

Tina éta *Capaian Pembelajaran*, siswa dipiharep bisa maca jeung nulis aksara Sunda saluyu jeung kaédahna.

Salasahiji nu nangtukeun kahontalna *capaian pembelajaran* saluyu jeung kurikulum lumaku, nyaéta ngagunakeun média dina kagiatan diajar. Média ajar nyaéta wadah atawa alat pikeun nepikeun matéri ajar sangkan siswa bisa ngaronjatkeun kamampuh diajarna (Susilana, 2018, kc. 632). Média ajar digunakeun guru disagala mata pangajaran nu aya di sakola, sangkan bisa méré karep ka siswa dina diajar. Média pangajaran méré pangaruh gedé pikeun guru dina salila lumangsungna kagiatan diajar. Guru jeung siswa mangrupa komponén anu penting dina sistim pangajaran (Cecep Kustandi jeung Daddy Darmawan, 2020, kc. 16).

Wanda média pangajaran nurutkeun Heinich jeung Molenda, dibagi jadi genep, nyaéta média audio, média visual, média proyeksi gerak, média téks, miniatur, jeung manusa (Rina, 2019, kc. 113). Conto média ajar proyeksi gerak nyaéta saperti film, vidéo, jeung lain sajabana anu kaasup kana audio-visual. Salasahijina nyaéta vidéo animasi, mangrupa média anu ngamangpaatkeun téhnologi sacara audio visual ku cara ngahijikeun gambar animasi anu bisa gerak tur dibarengan ku audio (Rahmayanti & Istianah, 2018, kc. 430).

Média vidéo animasi téh tos ditalungtik ku sababaraha urang. Sawatara panalungtikan meunang Putu Jerry Radita Ponza, Nyoman Jampel, jeung Komang Sudarma (2018) anu judulna “Pengembangan Media Video Animasi Pada Pembelajaran Siswa Kelas IV Di Sekolah Dasar”, ngabuktikeun éféktivitas ngagunakeun média vidéo animasi pikeun pangajaran di sakola téh méré motivasi diajar ka siswa leuwih gedé.

Saterusna panalungtikan anu dilaksanakeun ku Ida Sulistiani (2022) anu judulna “Penerapan Media Pembelajaran Berbasis Video Animasi Powtoon Untuk Meningkatkan Hasil Belajar Siswa Kelas XI Bahasa dan Sastra Inggris di SMA Negeri 1 Samarinda”, ngabuktikeun yén média ajar vidéo animasi Powtoon dina pangajaran Basa Inggris di kelas XI bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa tina saméméh ngagunakeun média jeung sanggeus ngagunakeun média.

Panalungtikan séjénna ngeunaan pangajaran aksara Sunda nyaéta anu dilaksanakeun ku Rifa Aulia Arthamevia (2023) anu judulna “Media Pembelajaran

Multimedia Interaktif Aksara Sunda Di SMA Negeri 6 Bandung” medar ngeunaan pangajaran aksara Sunda ngagunakeun multimedia interaktif nuduhkeun yén siswa jadi leuwih gancang dina ngapalkeun jeung maca aksara Sunda. Nurutkeun panalungtikan ku Herni Apriani (2016) anu judulna “Pengaruh Métoeu Iqra dina Pangajaran Maca Aksara Sunda Kana Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X AK SMK Pasundan Subang Taun Ajaran 2015/2016)” nuduhkeun yén kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun métoeu iqra jeung sanggeus ngagunakeun métoeu iqra nuduhkeun ayana béda anu signifikan tina perséntase hasil niléy *pre-test* jeung *post-test*. Salian ti panalungtikan di luhur, aya ogé panalungtikan média ajar dina pangajaran aksara Sunda anu dilaksanakeun ku Aldi Perdana Prayoga (2021) anu judulna “Média Aksundroid Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas X Mipa 7 SMA Negeri 1 Cicurug Taun Ajaran 2021/2022)” anu medar ngeunaan ngaronjatna kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun aplikasi Aksundroid jeung sanggeus ngagunakeun aplikasi Aksundroid.

Sanajan panalungtikan ngeunaan vidéo animasi anu dipaké dina kagiatan diajar lain panalungtikan anu munggaran, tapi panalungtik kairut pikeun nalungtik média ajar vidéo animasi pikeun digunakeun dina pangajaran aksara Sunda hususna di tingkat fase D. Sabab panalungtikan ieu miboga bébéda jeung panalungtikan saméméhna anu can kungsi aya nu nalungtik pangajaran aksara Sunda ngagunakeun média ajar vidéo animasi.

Dumasar kana pedaran di luhur, média vidéo animasi téh bisa dijadikeun alternatif pikeun ngungkulan pasualan siswa dina diajar aksara Sunda. Saluyu jeung hal-hal anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Média Vidéo Animasi dina Pangajaran Maca Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung Taun Ajar 2023/2024)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, ieu panalungtikan miboga idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) dina pangajaran maca aksara Sunda saluyu jeung *Capaian Pembelajaran* dina pangajaran Basa Sunda Kurikulum Merdeka, siswa dipiharep bisa maca atawa miarsa saluyu jeung kaédahna. Anapon jinis-jinis aksara Sunda nu di antarana nyaéta aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén jeung wilangan. Siswa masih kurang bisa maham kana maca aksara Sunda hususna maca pamahaman lantaran dianggap hésé sabab wangunna nu dianggap hampir sarua. Salian ti éta di lapangan ogé karandapan yén guru basa Sunda can maham kana pangajaran aksara Sunda; sarta
- 2) média ajar vidéo animasi can pernah dilarapkeun dina pangajaran maca aksara Sunda ka siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 anu can aya tur can pernah dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah tanya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 dina maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun média vidéo animasi?
- 2) Kumaha kamampuh maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 dina maca aksara Sunda sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum jeung husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mekarkeun tiori ngeunaan vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda pikeun siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngagunakeun média ajar vidéo animasi;
- 2) kamampuh maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 sanggeus ngagunakeun média ajar vidéo animasi; sarta
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média ajar vidéo animasi.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara tioritis boh sacara praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat dina ieu panalungtikan sacara tioritis nyaéta pikeun mekarkeun tiori atawa pangaweruh ngeunaan média pangajaran hususna média vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda siswa Fase D SMPN 52 Kota Bandung taun ajar 2023/2024.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Anapon mangpaat saacara praktis ieu panalungtikan dipedar saperti di handap.

- 1) Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca aksara Sunda;
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun minangka salasahiji média pikeun pangajaran basa Sunda, hususna pikeun pangajaran maca aksara Sunda; sarta

- 3) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa dijadikeun motivasi sangkan bisa nyieun jeung ngamemarkeun média ajar tur ngamangpaatkeun téhnologi pikeun mekarkeun pangaweruh sarta ngalarapkeunana di kagiatan kelas.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan disusun saperti di handap.

BAB I: Bubuka, dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II: Ulikan Tiori, dipedar ngeunaan tiori anu dipaké panulis dina ieu panalungtikan, saperti tiori ngeunaan média pangajaran, média vidéo animasi, maca, aksara Sunda jeung léngkah-léngkah média vidéo animasi dina pangajaran maca aksara Sunda. Dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna anu aya patalina kana ieu panalungtikan, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III: Métode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngawengku déskripsi jeung analisis data hasil kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média vidéo animasi.

BAB V: Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, dipedar kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi kana ieu panalungtikan.